

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana tujuan panalungtikan, ieu panalungtikan téh maluruh kumaha sosiologi sastra dina naskah drama “Tarung” karya Nazarudin Azhar. Méthode nu digunakeun nyaéta déskriptif-analitik ngaliwatan studi pustaka. Ieu panalungtikan ngawengku tilu aspék, nya éta (1) sosiologi pangarang, medar status sosial jeung idéologi Nazarudin Azhar; (2) sosiologi karya, nya éta nganalisis struktur pangwangun jeung struktur naskah drama; sedengkeun (3) sosiologi nu maca, maluruh sawangan nu maca kana éta karya. Bisa dicindekeun yén naskah drama Tarung karya Nazarudin Azhar ngaguar rupaning kaayaan sosial ngaliwatan problématique tokoh-tokohna.

Tina sosiologi karya, nu diulik dina struktur pangwangun, kapaluruh yén naskah drama “Tarung” nyaritakeun hal anu nembrak di masarakat. Najan kitu, konflik anu diangkat ku Nazarudin Azhar ilaharna nyosok jero. Jadi teu sakur dina *permukaan*. Kahiji, téma nu diangkat ngeunaan konflik agraria nu nyaritakeun perlawanan rahayat ka pihak pangawasa. Kadua, tokoh-tokohna didéskripsikeun kalawan watek anu kuat, contona waé tokoh Ma Siti anu sabar, bela ka lemah cai, jeung paduli ka sasama. Katilu, motif, konflik, peristiwa jeung alur nu dijerona aya éksposisi nu ngajelaskeun yén Rahayat geus pasrah sagala sadrah. Maranéhna éléh ku kakawasaan pamaréntah nu geus teu maliré deui kaayaan rahayat demi kapentingan pribadi.

Komplikasi nu némbongkeun sumanget rahayat ku cara ngaracungkeun peureup. Sabada rahayat ngaracungkeun peureup nyumangetan Ma Siti, sakabéh rahayat jadi boga kawani pikeun ngalawan pasukan peteng anu geus ngaleungitkeun aspék kamanusaan.

Klimaks katitén nalika Éyang Ragasuci datang dibarengan ku dua pangiring nu mawa wadah taneuh jeung binih tangkal.

Résolusi katitén nalika Darma sadar kana kaayaan. Sadar yén datangna Éyang Ragasuci bari mawa taneuh jeung binih téh sangkan nuluykeun lalakon kahirupan.

Nu terahir konklusi nu aya dina adegan pamungkas nu ngagambarkeun tempat dimana harepan bisa manjang, di tempat éta oge Éyang Ragasuci dina wujud nu masih kénéh ngora, cangker.

Kaopat, amanat nu ditepikeun tina ieu naskah nyaéta dipiharep yèn nu jadi kawajiban nagara tèh nangtayungan rahayatna, mèlaan rahayatna, lain ngancurkeun kahirupan rahayatna.

Sedengkeun dina struktur naskah drama kapanggih unsur carita naskah drama dina ieu naskah iwal solilokui jeung aside. Prolog (jumlahna 1/saprolog); dialog (11); épilog (1); babak (4); adegan (11); solilokui (0/nihil); jeung aside (0/nihil).

Hasil analisis ngeunaan sosiologi pangarang naskah drama "Tarung" karya Nazarudin Azhar ngawengku: Status sosial jeung idéologi pangarang. Bisa dicindekeun yén Nazarudin Azhar nya éta pangarang Sunda lantaran anjeunna pituin Sunda ogé loba karyana dina basa Sunda. Salaku pangarang anjeunna miboga konsép kapangarangan sorangan, utamana dina bentuk naskah drama Sunda. Naskah-naskah dramana miboga bentuk jeung eusi carita nu béda tinu lian.

Sacara sosiologi nu maca, naskah drama "Tarung" karya Nazarudin Azhar, meunang pangdeudeul nu alus ti nu maca, diwakilan ku akademisi, mahasiswa, aktor jeung Masarakat awam. Ieu naskah drama kawilang tapis dina matéakeun konflik.

5.2 Implikasi

Naskah drama "Tarung" mangrupa salahsahiji karya sastra Sunda anu dijerona leubeut ku amanat nu bisa dijadikeun panggeuing atawa pangéling-éling dina kahirupan bernegara. Ieu panalungtikan tangtu teu leupas tina tiori-tiori anu aya patalina jeung objék panalungtikan atawa pamarekan panalungtikan. Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat, salahsahijina pikeun kamekaran karya sastra Sunda pangpangna naskah drama.

Panalungtikan naskah drama Tarung teu ngansaukur naluntik naskah salaku teks sastra tapi pangarang salaku nu nulis ogé, masarakat nu mangaruhan kana warna tulisan pangarang. Kaayaan sosial masarakat jadi salah sahiji élemén pikeun jadi objék dina ieu panalungtikan. Salah sahiji mangpaat ieu panalungtikan nyaéta salaku gambaran umum pikeun masarakat ngeunaan naskah drama jeung sosiologi sastra salaku tilikanana.

Kamekaran karya sastra Sunda bisa dimangpaatkeun minangka salahsahiji tarékah ngawanohkeun sastra Sunda hususna ka generasi satuluyna, sangkan mikawanoh kana karya sastra Sunda. Lian ti éta, bisa dipaké ngeuyeuban data ngeunaan karya sastra hususna dina widang naskah drama.

5.3 Saran

Sanggeus ieu panalungtikan dilaksanakeun, panalungtik ngarasa perlu nepikeun sababaraha rékoméndasi pikeun kapentingan panalungtikan satuluyna jeung pikeun kamekaran sastra Sunda hususna naskah drama.

Kahiji, panalungtikan sarupa anu maluruh sosiologi sastra perlu terus dilaksanakeun, boh ku masarakat akademisi boh masarakat sacara umum. Anu jadi tinimbangan mah sangkan kapanggih aspék sosiologi dina karya-karya séjén jeung pangarang séjénna. Lian ti éta, sangkan ngeuyeuban hasil-hasil panalungtikan ngeunaan karya sastra.

Kadua, lembaga paélmuan dipiharep bisa jadi wadah anu bisa ngajénan sarta ngahudang karep masarakat dina ngajénan karya sastra hususna naskah drama.